



Michael R. Bloomberg  
Mayor

**Department of  
Health & Mental  
Hygiene**

Thomas Farley, MD, MPH  
Commissioner

**Department of  
Education**

Joel I. Klein  
Chancellor

**Prevansyon grip nan lekòl Vil Nouyòk**

*Enfòmasyon pou paran, pwofesè ak direktè lekòl*

**Kisa Vil la ap fè pou pwoteje lekòl yo kont grip H1N1?**

Depatman sante *Department of Health* (DOH) ak Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ap travay avèk lekòl yo pou diminye pwopagasyon viris H1N1 lan ak grip sezon an pami timoun ak pwofesè. Premye objektif nou se fè timoun yo pran vaksen, fè yo rete lakay yo lè yo malad, epi asire yo itilize bon règ ijyèn, kouvri bouch yo lè y ap touse ak etènne avèk manch rad yo oswa papye klinèks epi lave men yo souvan.

**Ki mezi w ap pran pou atenn objektif sa yo?**

Chak nan 1 500 lekòl leta nan Vil Nouyòk ap kòmanse ane a avèk sipò kanpay Vil la kont grip, ki itilize afich ak konsèy pou antre nan enstriksyon salklas yo bon teknik pou moun kouvri bouch lè y ap touse ak bon teknik pou lave men. N ap mete savon ak sèvyèt papye nan twalèt yo, epi n ap voye nòt bay paran pou raple yo kenbe pitit yo lakay yo lè yo malad. Vil la ap konsidere posiblite mete adispozisyon moun nan lekòl yo dezenfektan pou men a baz alkòl, epi y ap pèmèt elèv itilize dezenfektan pou men a baz alkòl yo pote sot lakay yo.

**Èske mwen bezwen vaksine pitit mwen kont grip sezon?**

DOH ankouraje anpil pou elèv pran vaksen kont grip sezon an bonè pandan ane lekòl la. Vaksen kont grip sezon an disponib nan plizyè klinik doktè. Li pa gen danje epi li bon pou tip grip ki pi kouran yo. Fanmi ki pa gen asirans sante ka pran vaksen pou yon pri redwi nan klinik piblik yo ak nan lòt lokal atravè vil la. Pou enfòmasyon sou kote pou fè timoun pran vaksen, telephone 311 oswa al sou sit [www.nyc.gov/flu](http://www.nyc.gov/flu).

**Èske mwen bezwen fè pitit mwen an pran vaksen kont grip H1N1?**

Ou pran desizyon fè sa a si w vle, men DOH ankouraje seryezman tout paran fè vaksine pitit yo kont grip H1N1 lè vaksen an disponib otòn sa a. Vil la ap distribye vaksen an bay founisè swen sante, epi li ka ofri vaksen gratis tou pou timoun ki gen laj pou ale lekòl. Plan pou kounye a se ofri elèv vaksen anndan tout lekòl primè nan Vil Nouyòk, lekòl leta kou lekòl piblik. Vil la ap planifye tou kounye a ofri elèv vaksen nan lekòl presegondè ak lekòl segondè nan yonn oswa plis lokal santral nan chak *borough*. Plan an ka chanje depann kantite vaksen H1N1 ki genyen, epi depann tou si viris H1N1 lan retounen nan Nouyòk, donk gade nouvo enfòmasyon y ap bay alavni sou pwogram sa a. Yo p ap vaksine okenn timoun san konsantman yon paran oswa yon gadyen legal.

### **Kòman yo bay vaksen yo?**

Otorite sou sante rekòmande tout timoun ant laj 6 mwa ak 18 ane pran de dòz vaksen apa ane sa a. Yonn pou grip sezon an ak lòt la kont grip H1N1. Yo ka bay chak vaksen swa sou kòm yon piki swa kòm yon *spray* pou nen. Ap gen yon kesyonè pou konsidere opinyon moun, k ap ede deside si piki a oswa *spray* pou nen an pi bon pou pitit ou a.

### **Konbyen dòz ki nesèsè?**

Pou timoun ki gen laj 9 ane ak sa ki pi gran, yon dòz vaksen kont grip sezon an anjeneral ase pou bay pwoteksyon. Kèk timoun ki gen mwens pase 9 ane ka bezwen 2 dòz nan yon entèval kat semèn ant dòz yo pou byen pwoteje yo. Mande doktè w sa ki bon pou pitit ou a.

### **Kòman w ap garanti konsantman vaksen pou elèv pran vaksen an?**

Y ap afiche fòm pou paran bay konsantman sou entènèt nan [www.nyc.gov/flu](http://www.nyc.gov/flu), epi y ap bay elèv fòm lan sou papaye pou pote lakay yo. Paran ap ranpli yo epi bay pitit yo pote yo tounen bay enfimyè lekòl la. Fòm konsantman yo ap disponib tou nan lokal sant santral vaksen yo pou elèv lekòl presegondè ak lekòl segondè yo.

### **Kòman ou pral fè fas ak fèmti lekòl ane eskolè sa a?**

DOE ak DOH etabli yon règleman pou lekòl rete ouvri. Sa vle di lè grip la tounen, nou pa pwojete fèmen lekòl lè gen anpil moun ki pran grip la. Olyesa, n ap travay avèk paran ak lòt manm nan kominote lekòl la pou lekòl yo ret ouvri, pandan tou n ap pran mezi pou diminye pwopagasyon grip la nan lekòl yo.

### **Yo te fèmen anpil lekòl prentan ki sot pase a. Poukisa ane sa a diferan?**

Lekòl pa fèmen anjeneral lè timoun gen grip. DOH rekòmande kèk lekòl fèmen pou yon ti bout tan prentan ki sot pase a poutèt H1N1 te yon nouvo viris, epi yo pa te konnen efè li genyen. Kounye ke ekspè konprann H1N1 lan pi byen, yo dakò li pi bon pou moun pran mezi kouran pou kontwòle enfeksyon olye yo fèmen lekòl.

### **Èske ou p ap janm fèmen lekòl pou okenn rezon?**

Nou pa p fè sa a toutotan nou pa fin itilize lòt mezi efikas pou pwoteje elèv yo. N ap siveye mouvman grip la nan lekòl yo depre. Si nan youn sèl jou yo voye 4% (omwen 15) elèv nan yon lekòl ki gen lafyèv avèk grip oswa gòj fè mal lakay yo, yon doktè oswa yon enfimyè sipèvizè ap vizite lekòl la pou evalye sitiyasyon an. Sipèvizè sante sa a ap travay avèk direktè a pou ranseye paran yo osijè nesèsite pou kenbe pitit yo lakay yo lè yo malad, epi l ap konfime lekòl la ap pran mezi yo rekòmande pou kontwòle enfeksyon.

Sipèvizè sante a ap idantifye tou elèv ak anplwaye ki ka gen risk gen konplikasyon ki avèk grip poutèt yo gen lòt pwoblèm sante, epi l ap asire l yo mete mezi anplas pou pwoteje yo. Meze sa yo kapab gen ladan yo pou raple yo kontakte yon founisè swen sante pou diskite posiblite pou itilize tretman pou prevni grip la avèk medikaman kont viris, epi pou chèche jwenn tretman touswit si yo gen yon maladi ki sanble ak grip. Si mezi sa yo

pa sanble ase pou pwoteje elèv ki ka gen maladi a fasil, DOH ka konsidere fèmen lekòl kòm dènnye opsyon.

### **Sa paran ka fè pou prepare pou sezon grip la pou otòn lan?**

- Pran dispozisyon pou moun pou gade timoun lan alavans, sizoka pitit malad epi bezwen rete lakay yo.
- Fè vaksine pitit ou kont H1N1 ak kont grip sezon depi vaksen an disponib.
- Montre pitit ou yo pou lave men yo souvan. Lave avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segond pi bon (anjeneral tan li pran pou chante *Happy Birthday* de fwa).
- Montre pitit ou yo pou kenbe men yo lwen figi yo, epi evite manyen bouch yo, nen yo oswa zye yo.
- Montre pitit ou yo pou kouvri bouch lè y ap touse ak nen yo lè y ap etènye avèk papye *kleenex* oswa anndan koud yo. Touse oswa etènye nan manch kòsaj oswa chemiz yo – pa nan men yo!
- Bay bon egzanp oumenm pou ede pitit yo aprann abitud sante sa yo.

### **Ki enfòmasyon ki gen pou wè ak lekòl w ap afiche sou entènèt?**

Enfimyè nan lekòl yo ap itilize yon bank enfòmasyon pou tout vil la pou rapòte kantite elèv ki gen yon “maladi ki ta ka grip” (ki gen yon lafyèv 100 degre oswa pi wo, avèk grip oswa malgòj) pandan lè lekòl chak jou. Sit wèb DOH la ap gen yon lis lekòl chak jou k ap rapòte 5 oswa plis ka maladi ki ta ka grip, jou lekòl ki vin anvan an. N ap afiche tou prezans elèv pou tout lekòl leta, byenke se pa yon mezi sèten pou detèmine kantite ka grip nan yon lekòl.

### **Sa mwen dwe fè si pitit mwen an malad?**

Pa voye pitit ou lekòl si li gen lafyèv 100 degre oswa pi wo avèk grip oswa malgòj. Pifò timoun retabli vit apre grip la san y opa bezwen tretman, men timoun ki gen pwoblèm sante kwonik ki toujou la dwe telefone yon doktè osijè tretman kont viris. Pami timoun ki plis andanje ou jwenn sa ki gen opresyon, dyabèt, pwoblèm newoloji oswa sistèm defans òganis yo fèb. Tout timoun ki gen sentòm maladi grav – paegzanp k ap respire twò vit oswa ki gen pwoblèm pou respire - dwe wè yon doktè touswit.

### **Kilè pitit mwen an ka tounen lekòl si l te absan lekòl poutèt li te gen grip?**

Elèv ki rete lakay yo poutèt yo gen sentòm grip pa dwe ale lekòl jiskaske sentòm yo amelyore epi tanperati yo vin nòmal pandan omwen 24 è. Yo pa bezwen yon nòt doktè pou tounen lekòl. Nou pa pèmèt timoun lekòl voye lakay yo poutèt yo gen lafyèv avèk grip oswa malgòj tounen lekòl jiskaske omwen yon jounen antye pase depi yo te ranvwaye yo.

### **Èske mwen dwe fè pitit mwen an ki ansante pa ale lekòl pou prevni enfeksyon?**

Timoun ki ansante pa bezwen manke lekòl, men ou dwe kenbe ou sa yo ki gen lafyèv avèk grip oswa malgòj lakay yo jis apre 24 è lafyèv la pase.

Pou plis enfòmasyon, rele 311 oubyen vizite [www.nyc.gov/flu](http://www.nyc.gov/flu).

##

Mizajou 28 septanm 2009